

## Egzekite Vizyon Majistra a pou Fanmi Boston

### ENSKRI NAN BOSTON – YON SÈL GRENN ENSKRIPSYON

*Majistra Martin J. Walsh ap motive edikatè ak fanmi nan Boston yo pou travay nan tèt ansanm pou ka amelyore etap enskripsiyan an pou tout fanmi epi kreye yon sistèm enskripsiyan ki senp, ki inifye, ki ekitab pou tout lekòl publik.*

*Ak yon sèl gress enskripsiyan, tout fanmi Boston ap gen aksè pi fasil nan lekòl ki gen kalite wo nivo epi ki pi pre lakay yo. Se yon sèl gress aplikasyon an, yon sèl gress delè a, ak yon sèl gress sistèm nan.*

#### Poukisa pou nou kreye yon sèl gress sistèm enskripsiyan?

Fanmi k ap rapousuiv tout gam chwa lekòl publik yo kounyeya gen pou pran yon etap ki gen plizyè tèt ki non sèlman genyen sistèm Baze-Lakay nan BPS la, men plizyè aplikasyon pou lekòl chatè ak tout kalite delè epi yon bann kalite machasuiv. Sa pran yon bann tan fanmi yo san bezwen. Yon sèl gress sistèm enskripsiyan an t ap:

- Kreye yon sistèm enskripsiyan ki pi ekitab pou fanmi Boston, k ap asire yo gen yon bann kalite chwa lekòl publik pou pitit yo.
- Bay fanmi yo yon wout pou enskripsiyan lekòl ki klè epi ki senp nan yon sèl gress fòm nan, yon sistèm ak yon sèl gress delè a ki kapab la disponib sou papye osinon sou sit entènèt, epi k ap bay plis enfòmasyon sou yon bann lekòl publik, distri ak chatè ki gen kalite wo nivo, ki la disponib pou pitit yo.
- Pèmèt plis fanmi patisipe nan kominate lekòl yo chwazi a, nan kreye sal klas ki pi estab ak katye ki pi estab.
- Ranfòse kapasite tout lekòl – distri ak chatè – nan sipòte elèv ki gen nivo bezwen ki pi wo.

#### Kijan Sa Ka Mache?

Yon sèl gress sistèm enskripsiyan an t ap senpman antre lekòl chatè yo nan sistèm enskripsiyan Baze-Lakay ki egziste deja a pou ka bay yon sèl gress aplikasyon ak yon sèl gress dat limit pou tout lekòl publik.

- Fanmi yo t ap jwenn yon sèl gress lis pou tout lekòl chatè ki nan zòn yo a ak lekòl ki nan distri a.
- Fanmi yo t ap chwazi epi klase lekòl ki nan distri a ak lekòl chatè yo prefere yo a nan yon sèl gress fòm aplikasyon ak yon sèl gress delè pou yo respekte.
- Fanmi yo t ap jwenn yon plasman nan yon lekòl, ki t ap fèt ak anpil atansyon pou asire elèv ki andikape ak sila k ap aprann lang Angle yo nan bon pozisyon pou yo byen fonksyone nan sal klas ki entegre tout timoun.

#### Angaje Fanmi Boston pou Ka Fè Sa Byen

Nan kòz sa a Majistra Walsh mete devan nou an, li mete li klè pou nou li vle pou se kominate a ki chapante pwosede sa a. Nou planifye pou nou angaje fanmi yo ak manb kominate a nan diskisyon sa a.\*

Lidè lekòl publik yo, toulede, pa distri a ak pa chatè yo, dakò sou yon bann prensip debaz ki pou gide kreyasyon yon sèl gress sistèm enskripsiyan, men dizon pa w esansyèl pou fè travay sa a mache.

Angajman fanmi yo, edikatè, ak patnè kominotè yo se kle nan asire siksè yon sèl gress aplikasyon, yon sèl gress delè, ak yon sèl gress sistèm enskripsyon inifye pou tout fanmi. Se entansyon nou pou konvoke yon seri reyinyon, atire toulede ni dizon sou sit entènèt ni dizon an pèsòn ak diskisyon anvan Komite Lekòl yo ak Komite Direksyon Lekòl Chatè yo konsidere yon pwopozisyon byen detaye.

\*Tanpri souple al gade lòt bò fèy sa a pou ka konnen nan ki dat ap gen reyinyon k ap fèt tou pre w yo.

Pou aprann plis, vizite nou sou sit entènèt nan [www.BostonCompact.org](http://www.BostonCompact.org).

Tanpri souple vin patisipe nan yon diskisyon publik nan katye w la, nan lekòl ou a, osinon sou sit entènèt pou ka ede nou chapante amelyorasyon sistèm enkrispyon sa a pou nou ka satisfè bezwen fanmi Boston ak bezwen lekòl yo pi byen.

### Reyinyon Kominotè Boston Compact nan Vil la

Dat	Lokal	Adrès
<b>8 Oktòb</b> <b>5:30 – 8:00 pm</b>	<b>Sant “Kroc Center”</b>	<b>Adrès:</b> 650 Dudley St, Boston, MA 02125
<b>20 Oktòb</b> <b>5:30 – 8:00 pm</b>	<b>Bibliyotèk “East Boston Public Library”</b>	<b>Adrès:</b> 365 Bremen Street, East Boston, MA 02128
<b>21 Oktòb</b> <b>5:30-8:00p</b>	<b>Bibliyotèk “Mattapan Public Library”</b>	<b>Adrès:</b> 1350 Blue Hill Avenue, Mattapan, MA 02126
<b>27 Oktòb</b> <b>6:30-9:00p</b>	<b>“Condon Community Center”</b>	<b>Adrès:</b> 200 D Street, South Boston, 02127
<b>5 Novanm</b> <b>5:30 – 8:00 pm</b>	<b>Sant Kominotè “Grove Hall Community Center”</b>	<b>Adrès:</b> 51 Geneva Ave, Boston, MA 02121
<b>21 Novanm</b> <b>6:30 – 9:00 pm</b>	<b>Legliz “1<sup>st</sup> Church of Jamaica Plain”</b>	<b>Adrès:</b> Nan Pwent Kafou Elliot ak South Street, nan Jamaica Plain
<b>17 Novanm</b> <b>5:30 – 8:00 pm</b>	<b>Klib Ti Gason ak Tifi “West End Boys and Girls Club”</b>	<b>Adrès:</b> 105 Allston St, Allston, MA 02134

Anvan lontan apre sis (6) reyinyon sa yo, n ap pataje kisa nou te tande epi kisa nou fè ak kòmantè yo. Nou gen pou anonse dat la ak lè a.